

5 septanm 2019

Chè fanmi,

Bon jounen premye jou lekòl epi nou kontan wè w ankò! Mwen espere ou kontan menm jan avèk mwen pou kòmanse ane lekòl 2019–20 an.

Se yon bon moman pou se yon elèv nan lekòl leta Vil Nouyò. Tèlman gen anpil elèv ak lekòl nou yo ki pa janm travay byen konsa avan. Nou pa janm gen to gradyasyon ki wo konsa avan epi gen plis elèv ki gradye ki pre pou reyisi nan kolèj. Epi mwen atann plis gwo bagay toujou pou elèv nou yo ane sa a.

Soti nan pi jèn elèv nou yo rive nan sa ki pi gran yo, timoun nou yo se pwochen jenerasyon pansè, lidè, kreyatè ak moun k ap pote chanjman. Nou pre pou pouse chak nan yo sou chemen sa a.

Angajman nou kenbe fèm kèlkeswa salè, ras, relijyon, nasyonalite, andikap, lanag yon fanmi pale lakay, oryantasyon seksyèl, jan li idantifye sèks li oswa nenpòt lòt dimansyon idantite yo. Tout moun nan DOE ap travay di pou asire chak elèv resevwa edikasyon solid, ki enspire, angajan, favorab yo merite.

Mwen rele sa Ajènnda timoun yo—chak jou ak chak desizyon se pou bay chak elèv sa YO bezwen pou yo reyisi. Nou konprann pa gen de elèv, de salklas oswa de lekòl ki menm epi nou rekonèt bèl karaktè ki distenge chak.

Anmenm tan, n ap ofri elèv ak fanmi nou yo sipò solid pandan n ap kreye plis lekòl akeyan ak asire yon kourikoulòm solid pou tout moun. Elèv nan vil la pral benefisye nan aprantisaj sosyoemosyonèl, pratik jistis pou reparasyon ak nan kourikoulòm ki reponn onivo kiltirèl ki montre kiyès yo ye.

Se sa sa vle di avanse nan ekite kounye.

Nou tout nan DOE espere ou renmen sa w wè jodi a epi nou swete w yon ane lekòl ki reyisi.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye